**SUMMARY**

The article deals with the pedagogical system of studying by students the literary – artistic heritage of England at extracurricular classes. The author characterizes the content of components of the pedagogical system and stages of studying the literary-artistic creation of the prominent workers of culture of England directed to the increasing students' interest to the English language.

## ZAMANAGÓY BILIMLENDIRIWDE MODULLI – KREDIT SISTEMALARÍ HAQQÍNDA

**B.B.Prenov** - *fizika-matematika ilimleriniń kandidatı, docent*
**B.J.Atabaeva** - *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: modulli óqitish, kredit, kredit tizimi, zachot kredit birligi, kreditlarni taqsimlash.
**Ключевые слова:** модульное обучение, кредит, кридитная система, распределение кредита, зачёт кредитной единицы.
**Key words**: module teaching, credit, credit system, credit unit, credit allocation, accounting of a credit unit.

Bilimli áwlad-keleshek tiykarı. Sonlıqtan da mámleketimiz jas áwladtıń bilimli, mádeniyatlı, básekege qábiletli jeke shaxs sıpatında qáliplesiwine ayrıqsha dıqqat bólip atır.

XXI ásir-xabar texnologiyalar ásiri. Búgingi kúnde dúnya júzi cifrlarǵa kóshirilip, adamlar bunıń járdemi menen kóplegen jetiskenliklerge erispekte. Adam sanası da tez pát penen ósip baratır.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 8-oktyabrde "Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw sistemasın 2030 jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı PF-5847-sanlı pármanı qabıl etildi. Pármanda:[1]

-joqarı bilimlendiriw tarawında mámleket-jeke sherikligin rawajlandırıw, aymaqlarda mámleket hám mámleketlik emes JOOlar iskerligin payda etiw tiykarında joqarı bilimlendiriw menen qamtıp alıw dárejesin 50 procentten asırıw (bunda qamtıp alıw pitiriwshiler sanına qarap alınadı, yaǵnıy 700 mıń oqıwshı mektep, licey yaki kollejdi pitirse, demek sol jılı 350 mıń student qabıl etiledi);

-10 JOO dı xalıqaralıq reytingde TOP-1000 qa kiritiw;

-JOO larında oqıw procesin basqıshpa-basqısh modulli-kredit sistemasına ótkiziw;

-hám taǵı usınday joqarı bilimlendiriwdi rawajlandırıwǵa tiyisli, júdá áhmiyetli máseleler qaralǵan.

Jurtımızdaǵı aldaǵı joqarı oqıw orınlarında ádettegi oqıtıw sistemasınan keship, dúnya tájiriybesinen ótken usıl hám shártlerinen paydalanıw jolǵa qoyılmaqta. 2013-jıldan berli mámleketimizdegi medicina joqarı oqıw orınları, 2016-2017-oqıw jılınan Tashkent mámleketlik yuridika universitetinde studentler oqıtıwdıń modulli-kredit sisteması tiykarında bilim ala basladı. Sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl 19-fevraldaǵı "Xabar kommunikaciya texnologiyaların jáne de rawajlandırıw haqqında"ǵı PF-5349-sanlı pármanı tiykarında 2018-2019-oqıw jılınan baslap Muxammed al-Xorezmiy atındaǵı Tashkent xabar texnologiyaları universitetinde modulli-kredit sistemasına ótildi. Bul párman tiykarında Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2018-jıl 24-iyul kúni 569-sanlı qararı shıqtı. Bul qarardan gózlengen tiykarǵı maqset jurtımızda házirgi kúnde tayarlanıp atırǵan kadrlardıń jáhán bazarında básekeles bolıwın rawajlandırıw, yaǵnıy kadrlarımız shet ellerdiń miynet bazarında básekege túse alatuǵın kadr bolıp jetilisiwin támiyinlew bolıp tabıladı.

Bilimlendiriw sisteması bárqulla rawajlanıp barıwı kerek. Házirgi zaman bilimlendiriw sistemasında aldıńǵı oqıtıw texnologiyalarınıń biri modulli-kredit texnologiyası esaplanadı.

Modullı oqıtıwdıń teoriyalıq tiykarları ótken ásirdiń 60-70- jılları Amerikalıq alım Kurch Goldshmidt, Rassel hám basqalar tárepinen jaratılǵan. Ilimpazlardıń ilimiy izertlewleri nátiyjesinde "oqıtıw procesi ilimiy-texnikalıq rawajlanıw dárejesinen artta qalıwınıń tiykarǵı sebebi oqıw programması, hújjetlerdiń pán texnika jetiskenlikleri hám óndiristi shólkemlestiriw texnologiyasına sáykes túrde rawajlanbay atırǵanlıǵı" degen juwmaqqa kelgen. Usınıń menen birge, oqıw programmalıq hújjetlerdi modullı qaǵıyda tiykarında dúziw tálim procesin rawajlandırıwdıń tiykarǵı faktorlarınan biri ekenligin da aytıp ótken. Modulli oqıtıw da oqıw materialı 1 oqıw shınıǵıwı kóleminde, oqıw predmetiniń qandayda bir teması yaki qandayda bir bólimi dárejesinde, ayrım waqıtları bolsa pánniń iri quramlıq bóleginde, yaǵnıy bloklar tárizinde oqıtıw múmkinshiligin beredi.

Moduller-birinshi náwbette bilimlendiriw mazmunına baylanıslı túsinikler, qaǵıydalar, teoriyalar, nızamlar hám olar arasındaǵı ulıwmalıq baylanıstı ańlatıwshı nızamlıqlardı túsindiriwge nátiyjeli xızmet etedi [3].

Modul sisteması zamanagóy talaplarǵa tolıq sáykes keledi. Ol erisilgen nátiyjeni izbe-iz qadaǵalap barıwǵa tiykarlanǵanı ushın da modul-kredit sisteması payda bolǵan. Modulli bilimlendiriwdıń maqseti studentlerdiń óz tarawı boyınsha bilim, kónlikpe hám ilimiy tájriybelerin qáliplestiriwden ibarat. Modulli bilimlendiriwde eń úlken talap bolsa studentlerdiń ózbetinshe bilim alıwına qaratılǵan [4].

Búgingi kúnde joqarı bilimlendiriw sistemasınıń aldındaǵı eń tiykarǵı wazıypa tájiriybeli qániygelerdi tayarlaw bolıp tabıladı. Bunday qániygeni tayarlaw ushın, álbette oǵan qoyılıp atırǵan talaplar sistemasın anıqlap alıw kerek. Usı sorawǵa juwap izlep, tómendegi tórt baǵıttaǵı talaplar sistemasına dus kelemiz: [3]

1. Óz tarawı boyınsha zárúrli bilim, kónlikpe hám qániygelikke iye bolıw kerek;
2. Tarawı boyınsha bar bilimlerin turaqlı túrde ózbetinshe asırıp barıw, yaǵnıy ózbetinshe bilim alıw múmkinshiligine iye bolıw kerek;
3. Tarawǵa innovaciyalar kiritiw ushın ǵárezsiz izleniw hám dóretiwshilik etiw ushın kónlikpege iye bolıw kerek;
4. Óz waqtında rejelestiriw, baskarıw hám óz iskerligin shólkemlestiriw ushın kónlikpege iye bolıw kerek.

Sonday eken, modulli beyimlesiw jańa informaciyanı ózbetinshe ózlestiriw, tıńlawshınıń ózbetinshe hám xızmet iskerligin shólkemlestiriw óziniń hám doslarınıń iskerligin bahalawǵa qaratılǵan. Bunday beyimlesiw zamanagóy talaplar sistemasına sáykes keledi. Modulli bilimlendiriwdıń maqseti studentlerdiń óz tarawı boyınsha bilim, kónlikpe hám qánigeligin qáliplestiriwden ibarat. Modulli beyimlesiw erisilgen nátiyjeni izbe iz qadaǵalap barıwǵa tiykarlanǵan. Nátiyjede modulli-kredit sisteması payda bolǵan.

Kredit-(zachyot birligine aylanıwshı Evropa sisteması. ECTS-European Credit Transfer System) kredit toplaw sisteması bolıp tabıladı. Usı sistema Evropa Universitetlerinde 1989-jılda ótkerilgen izertlewlerden nátiyjeli ótti hám qabıllandı. Ol tıńlawshınıń ulıwma júklemesine tiykarlanadı. Kredit sistemasın kiritiwden maqset-bilimlendiriwdıń ashıqlıǵın hám akademiyalıq bilimlerdi jánede kvalifikaciyanı tán alıwdı jeńillestiriw bolıp esaplanadı. Dáslep kredit shetten kelip oqıp atırǵan tıńlawshılar ushın paydalanılǵan hám oǵan isenim bildirilgen. Barlıq joqarı oqıw orınları ushın birdey kreditlerdiń ornatılıwı bolsa tıńlawshılardıń mobilligin támiyinlewge járdem beredi. Búgingi kúnde Evropa kredit sisteması-Evropanıń derlik barlıq mámleketlerinde tán alınǵan hám ámel qılıwshı sistema bolıp tabıladı. Tıńlawshı ornatılǵan kredit balların toplaǵan halda diplom alıwǵa erisedi. Dúnyanıń joqarı bilimlendiriw sistemasında kredit sistemasınıń bir neshe túri bar. Joqarıda aytıp ótilgen ECTS menen bir qatarda, USCS- Amerikanıń kredit sisteması, UCTS - Britaniyanıń

kredit sisteması, CATS- Aziya mámleketleri hám Tınısh okeanındağı mámleketlerdiń kredit sistemaları bar.

Evropa kredit sistemasınıń tiykarın úsh element quraydı:
1. Oqıw programmaları haqqında informaciya, tıńlawshınıń erisken nátiyjeleri hám tıńlawshı iskerliginiń kólemi. Hár bir oqıw jılı 60 bólimge bólinedi hám zachyot birligi esaplanadı. Bir háptelik júkleme 54 saattan aspawı kerek, 54 saat 1,5 kreditke teń. Oqıw jılınıń dawam etiw waqtı Evropada ortasha 40 hápte bolıp, biraq Evropanıń hár túrli mámleketlerinde oqıw jılınıń dawam etiw waqtı hár túrli bolıwı, belgili dárejede mashqalalardı keltirip shıǵaradı.
2. Modulli-kredit sisteması barlıq oqıtıw formalarınıń qadaǵalawın óz ishine aladı (auditoriya hám auditoriyadan tısqarı).
3. Modulli-kredit sisteması bilimlendiriw procesinde oqıtılǵan saatlar muǵdarın emes, bálkim erisilgen nátiyjeni kórsetip beretuǵın ólshem birligi bolıp tabıladı. Yaǵnıy qánigeni kompetentlik dárejesine baha beretuǵın nátiyjege qaratılǵan ólshem birligi bolıp tabıladı. Sonday eken, kredit tek ǵana oqıw iskerligine berilgen baha emes bálkim, orınlanǵan oqıw júklemesin kórsetip turıwshı birlik bolıp tabıladı. Bir kredit 36 akademiyalıq saatqa teń (54 akademiyalıq saat 1,5 kreditti quraydı). Hár bir oqıw moduli 1 yamasa 1,5 kreditke qaratılǵan hám ádette, onıń sanı úshewden aspawı kerek. Evropa kredit sistemasında birinshi basqıshta (bakalavriat) tıńlawshı 180 kreditten 240 kreditge shekem toplawı múmkin. Ekinshi basqıshta (Magistratura) 90-120 ǵa shekem kredit jıynaw múmkinshiligine iye.

Modulli-kredit sistemasın bahalawda reyting ball sistemasınan paydalanıladı. 2001-jılda oqıw procesin shólkemlestiriwdiń modulli-kredit texnologiyası Evropanıń 1200 den aslam universitetlerinde qollanılǵan edi.Usı jılı Evropanıń 29 mámleketleri bilimlendiriw ministrligi tárepinen Bolonya deklaraciyasınıń engiziliwi Evropa bilimlendiriw aymaǵınıń jaratılıwında úlken áhmiyetke iye boldı [5].

Kredit-saat sisteması birinshi ret AQShta payda bolǵan. 1869 jılda Garvard universiteti Prezidenti Sharlz Eliot "kredit-sistemalar" túsinigin kirgizdi hám 1870-1880 jılları oqıw pánleri kólemin kreditte ólshew sisteması engizildi. Belgili dárejege jetisiw ushın "kredit-saat"lar kólemi yaǵnıy, zachet birliklerin toplaw kerek boladı. Amerika sistemasında USCS-kredit-saat-bul oqıtıw waqıtına tiykarlanǵan ólshem.

Demek, kredit-saat ne menen ólshenedi?

- oqıtıwshı hám studenttiń oqıw iskerligi;
- student ózlestiriwiniń salıstırmalı dárejesi;
- bir programmadan ekinshisine ótiw ushın;
- studenttiń ózlestiriw dárejesin anıqlaw ushın.

Kredit - saat - semestr dawamında hápte ishinde studenttiń auditoriya jumıslarınıń akademiyalıq saatına teń bolıp tabıladı. Kredit student tárepinen tiyisli oqıw jumısların orınlawǵa ketetuǵın waqıt (saatlar)dan dúziledi. Hár bir modul ózbetinshe kredit esabına iye. Joqarı bilimlendiriw shólkemi kredit quramı, hár bir modul boyınsha kreditler sanı, sonıń menen birge, hár bir kursdı hám ulıwma oqıw dáwirin pitiriw ushın student tárepinen toplanıwı kerek bolǵan kreditlerdiń ulıwma sanın ózbetinshe belgileydi.

Programmadaǵı oqıtıw sistemasıda ayrıqsha esaplanǵan, kredit sistemasında májburiy pánlerden tısqarı tańlaw pánleri hám de studenttiń jeke sabaq kestesi boladı. Studentler oqıwdan quwılmaydı yamasa kurstan-kursqa qalmaydı. Qaysı pánnen belgilengen kreditlerdi toplay almasa,tek sol pánniń ózinen qayta imtixan tapsıradı. Sonday-aq joqarı maǵlıwmat alǵanlıǵı haqqındaǵı diplom bolsa belgilengen kreditlerdi toplaǵannan soń beriledi. Semestr juwmaǵında studentler bahasınıń 50 procentin pán oqıtıwshı, 50 procentin universitet basshıları qoyadı. Yaǵnıy, bir semester dawamında aralıq qadaǵalaw, úyge tapsırmalar hám ámeliy shınıǵıw (laboratoriya) jumısların professor oqıtıwshılar bahalaydı. Juwmaqlawshı qadaǵalaw universitet basshılıǵı tárepinen alınadı. Ol jaǵdayda pán oqıtıwshıları qatnaspaydı [3].

Qánigelerdiń pikirinshe, kreditlerdi jıynaw ushın studentten udayına sabaqlarda qatnasıw, berilgen wazıypalardı waqtında orınlaw, óz bilim dárejesin bekkemlew talap etiledi. Ózlestiriwi joqarı studentler ózbetinshe jumıs temaların úyrenip, olardı múddetinen aldın tapsırıwı múmkin. Bul bolajaq qánigelerdiń waqtın únemleydi.Tapsırmaların tapsırǵanlar semestr juwmaǵına shekem qalǵan waqtın ámeliy shınıǵıwlarǵa sarplaydı.

Máselen, student bir semestrde 30 (bir oqıw jılında 60) kredit toplaw kerek. Oǵan matematika páninen 8 kredit ajratılǵan bolsa, bunnan 4 kreditti lekciyadan, qalǵanın óz betinshe jumıstan toplaydı. Eger, ol matematika pánin ózlestire almasa, oǵan, dem alıs waqıtı, bul pándi qayta oqıw imkaniyatı beriledi. Biraq bul imkaniyat-pullı boladı. Bir kredit muǵdarı oqıw jılı dawamındaǵı bilim alıw ushın toplanatuǵın ulıwma summanıń kreditlar muǵdarına bóliw jolı menen anıqlanadı. Usı qárejetti tólep student matematika pánin qayta oqıwı hám imtixan tapsırıwı múmkin [5].

"Kredit-shártli sınaq birligi bolıp, tıńlawshınıń oqıw pániniń belgili bir bólegin ótkenligi haqqındaǵı maǵlıwmattı beredi. Hár bir oqıw pánine belgili muǵdardaǵı kredit birlikleri ajıratıladı. Kredit-barlıq akademiyalıq dáwirde jumıs júklemesine sáykes túrde student (oqıtıwshı)tiń oqıw jumıslarınıń kólemin anıqlap beretuǵın ózine tán birlik bolıp tabıladı. Ulıwma qabıl etilgen bilimlendiriwde kredit texnologiyasınıń ayrıqsha táreplerinen biri, xalıqaralıq ulıwma bilim beriw standartlarına sáykes keliwi hám bilimlendiriw haqqındaǵı hújjetlerdi qabıllaw máseleleri, jáhán tendensiyaların esapqa alǵan universal bilimlendiriw programması, akademiyalıq erkinlik hám oqıw programmaların anıqlıǵı bolıp tabıladı. Studentlerde shet el mámleketlik universitetleriniń bilimlendiriw dárejesine erkin kiriw múmkinshilikleri payda boladı, bakalavr hám magistratura pitkeriwshilerin barlıq mámleketlerde jumısqa jaylasıw huqıqları payda boladı. Modulli-kreditli bilimlendiriw sistemasına ótiwdiń ústin turatuǵın tárepleri tómendegilerden ibarat [6].

- bilimlendiriw hám oqıtıwdıń sapasınıń asırılıwı;
- miynet bazarınıń talaplarının esapqa alınıwı;
- joqarı bilimlendiriw sistemasınıń kóp basqıshlıǵı;
- akademiyalıq kreditler sistemasın kirgiziw;
- oqıtıwshı hám studentlerdiń akademiyalıq baylanısın támiyinlew;
- diplomǵa birden-bir evropa qosımshasın beriw;
- joqarı bilimlendiriw sapasın baqlaw hám basqarıw.

Oqıtıwdıń modulli-kredit texnologiyasın qollaw arqalı oqıw procesin shólkemlestiriwdiń tiykarǵı wazıypaları tómendegiler:

1) ayrıqsha bilimler kólemi;
2) bilimlendiriwdi maksimal individuallastırıw ushın shárt-shárayıtlar jaratıw;
3) studentlerdiń ózbetinshe jumıslarınıń ornı hám natiyjeliligin kúsheytiw;
4) studentlerdiń nátiyjelilik procesin baqlaw tiykarında bilimlendiriwdegi anıq tabıslardı payda bolıwı.

Bilimlendiriwdiń modulli-kredit texnologiyasınıń ayrıqsha tárepleri tómendegiler:

- ✓ isshi oqıw rejege kiritilgen pánlerdi erkin tańlawı, bul tikkeley individual oqıw rejesin qáliplestiriwge óz úlesin qosıwdı támiyinleydi;
- ✓ oqıtıwshını tańlaw erkinligi;
- ✓ bilimlendiriwdiń anıq baǵdarın tańlawda bilimlendiriw procesine másláhátshilerin tartıw;
- ✓ studentlerdiń bilim jetiskenliklerin baqlawda nátiyjeli metodlar;
- ✓ bilimlendiriwde interaktiv metodlardı keń qollanılıwı;
- ✓ studenttiń májburiy programmanı ózlestiriwde ózbetinshe bilimdi aktivlestiriw;

✓ studentlerdiń hár bir pándegi bilim jetiskenliklerin bahalawda reyting sistemasınan paydalanıw;

✓ oqıw procesin barlıq zárúrli oqıw hám metodikalıq materialların elektron hám qaǵaz variantları menen támiyinlew.

Demek, modulli-kredit sisteması arqalı student óziniń qanday jetiskenlikke eriskenin, qay jerde kemshilik jibergenligin, neni bilip, neni úyreniw kerekligin ańlaydı. Sonday-aq, ózgeniń jetiskenliginen sabaq alıwǵa, óziniń kemshiliklerin saplastırıwǵa, alǵa umtılıwına túrtki boladı. Juwmaqlap aytqanda, bilimlendiriwdiń modulli-kredit sisteması barlıq bilimlendiriw procesi dawamında oqılǵan saatlar muǵdarın emes, bálkim erisilgen nátiyjeni kórsetip beriwshi ólshem birligi esaplanıwı menen de bilimlendiriw nátiyjeligin asırıwda zárúr áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

## Ádebiyatlar

1. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining "O’zbekiston Respublikasi Oliy ta'lim tizimini 2030 yilgacha rivojlantirish konseptsiyasini tasdiqlash to‘g’risida"gi 2019 yil 8 oktyabr kungi PF-5847-sonli farmoni.

2. 2017-2021 yillarda O’zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yo’nalishi bo’yicha Harakatlar strategiyasini "Xalq bilan muloqot inson manfaatlari yili"da amalga oshirishga oid Davlat dasturini órganish bo’yicha Ilmiy uslubiy risola. –Toshkent: 2017.

3. Richard Arum, Melisa Velez. Inproving Learning Enviroment: School Discipline and Comporative Perspektive. Stanford Universiy Press, USA 2012.

4. Prenov B.B. va boshqalar. Oliy ta'lim tizimida ta'lim sifatini ta'munlash: E-learning. –T.: 2017, 103-b.

5. Carroll, G. & Boutall, T. (2011). Guide to developing national occupational standards: Revised June 2011. Retrieved 2018, from UK Commission for Employment and Skills: http://webarchive.nationalarchives.gov.uk/20140108130816/http://www.ukces.org.uk /assets/ukces/docs/supporting-docs/nos/nos-guide-for-20developers-2011.pdf

6. Aksenova N. M. Golubeva T. A., Muravyov A. A., Oleinikova O. N., Sartakova E. V. Credits in secondary vocational education / N. M. Aksenova,T. A. Golubeva and others – M.: Universitetskaya kniga, 2016, -P. 156.

**REZYUME**

Bu maqolada o’qitishning modulli-kredit tizimi va uning hozirgi zamon ta'lim jarayonidagi ayrim afzalliklariga to‘xtalingan.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматривается модульно-кредитная система обучения и преимущества её применения в современном образовании.

**SUMMARY**

The article is devoted to the description of the modular credit system of teaching and its advantages in modern education.

# МАКТАБГАЧА ТАЪЛИМ ТИЗИМИДА ЖИСМОНИЙ ТАРБИЯНИ ТАШКИЛ ЭТИШНИНГ ИММАНЕНТ ХУСУСИЯТЛАРИ

**В.Рахимов** – *катта ўқитувчи*

*Мирзо Улуғбек номидаги Ўзбекистон Миллий университети*

**Таянч сўзлар:**мактабгача таълим, болалар, жисмоний тарбия, жисмоний машқлар, морфофункционал, психофизиологик хусусиятлар, қизиқиш югуриш,адаптация, имманент, чиниқтириш.

**Ключевые слова:** дошкольное образование, дети, физическое воспитание, физические упражнения, морфофункциональные, психофизиологические особенности, интересы, бег, адаптация,имманентный, закаливание.

**Key words:** preschool education, children, physical education, physical exercises, morphofunctional, psychophysiological features, interests, running, adaptation, immanent, hardening.

Ўзбекистондаги мактабгача таълим тизимига болалар яслиси, болалар боғчалари, хусусий ва хонадон боғчалари киради. 1991 йили Республикамизда 10134 та мактабгача таълим муассасалари фаолият юритган, 2016 йилга келиб улардан 4916-таси (48,5%) қолган. Уларда болаларни қамраш 1378039 тадан 668497 нафарга тушиб қолган. Мазкур салбий ҳолни тўғрилаш, давр талабига мос келадиган ҳолга келтириш учун Республикамиз Президенти Ш.М.Мирзиёев ташаббуси билан мактабгача таълим тизимининг фаолиятини тубдан яхшилаш мақсадида Халқ таълими Вазирлиги ташкил этилди ва “Ўзбекистон Республикаси мактабгача таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепцияси” қабул қилинди.

2018 йилга келиб мактабгача таълим муассасалари сони 7104 га яъни кейинги икки йилда бир ярим баробар кўпайди, 2019 йил августига келиб, болалар сони эса тўрт каррага ошди [1].

Юқоридаги концепцияда нафақат мактабгача таълим муассасаларининг сонини кўпайтириш, уларнинг моддий техника базасини мустаҳкамлаш ва тарбияланувчилар сонини ошириш, шу билан бирга болаларни жисмоний соғлом, бақувват, физкультура ва спортни севадиган, улар билан мунтазам, узлуксиз шуғулланадиган шахслар қилиб тарбиялаш ҳам вазифа қилиб қўйилди.

Мактабгача таълим муассасаларида жисмоний тарбияни ташкил этишнинг имманент хусусиятлари аввало ясли ва боғчага қатновчи болаларнинг морфофункционал ва психофизиологик тузилиши, жиҳатлари билан белгиланади. Мактабгача ёшдаги болаларда шаклланадиган билим, кўникма, тасаввур ва ўзини англаш қатор морфофункционал ва психофизиологик жиҳатларга асосланади.

Морфофункционаласосларга болаларнинг сиртқи кўриниши ва унга жисмоний машқларнинг таъсири кўрсаткичлари,психофизиологик асосларга эса болаларнинг жисмоний машқларга муносабати, жисмоний тарбиянинг руҳий-физиологик ҳолатга у ёки бу тана қисмининг жисмоний юк таъсирига мувофиқ ўзгариши кабилар киради.

Мактабгача ёшдаги болаларда жисмоний машқларга муносабатни шакллантириш билан махсус оила институти ва мактаблача таълим тизими шуғулланади. Бу ўринда биз диққатимизни мактабгача таълим тизимига, ундаги жисмоний тарбияни ташкил этиш методикасига қаратамиз. Давлат томонидан қабул қилинган “таълим ҳақида қонун”, мактабгача таълим тўғрисида низом ва давлат талаблари айнан мактабгача таълим муассасалари фаолиятига, уларда ташкил этиладиган жисмоний тарбия ишларига эътибор қаратади [2,3,4]. Давлат томонидан ташкил этилган ва молиялаштириладиган мазкур тизим мактабгача ёшда бўлган болаларнинг жисмоний камолоти учун маъсулдир.

3-6-7 мактабгача таълим тизими жалб этадиган болаларнинг ёши ҳисобланади. Бу ёшдаги болаларнинг морфофункционал ва психофизиологик тузилиши жисмоний тарбияни ташкил этишга қатор талаблар қўяди. Биринчидан, бола танаси энди жисмоний машқларга, уларни бажаришнинг тартибларини ўзлаштиришга, қабул қилишга мослашаётган бўлади. Боланинг умуртқа суяги қотмаган, елка ва кўкраги кичик, оёқларида баркарор туриши, қўлларини жисмоний машқларга мувофиқ ҳаракатлантириши суст